

SCHOOL BOARD OF BROWARD COUNTY, FLORIDA  
DEKLARASYON DOMISIL PWOVIZWA  
(Statement Of Provisionary Domicile)

Dapre Regleman Broward County School Board (SBBC) Policy 5.1, yon elèv dwe ale lekòl nan zòn manman/papa li rete, jan sa defini nan SBBC Policy 5.1. Se responsablite manman/papa pou li prezante papye ak dokiman ki kòrèk pou lekòl-la verifye domisil fanmi-an.

*Lè yon fanmi "an tranzisyon" epi rete avèk yon lòt moun (ou plizyè moun) paske fanmi-an pèdi lojman-li, gen pwoblèm ekonomik, oswa pou yon lòt rezon similè; fanmi-an ap viv nan motel, otèl, nan yon pak pou karavan (trailer), oswa teren kanping paske fanmi-an pa ka jwenn lòt akomodasyon adekwa; fanmi-an ap viv nanabri (sheltè) tranzisyon; abandonnen nan lopital; oswa ap tann yo plase-li nan yon fanmi akèy - foster care placement (F.S. 1003.01 (12) a.); yo konsidere fanmi sila kòm yon fanmi an tranzisyon epi li elijib pou li resevwa sèvis dapre lwa McKinney-Vento Homeless Education Act. Sepandan, Fòm domisil pwovizwa (Provisional Domicile form) pa sible popilasyon-sa-a. Lekòl-la dwe asepte anwole touswit elèv-la epi refere-li bay lyezon nan lekòl-la, anchaj elèv san kay (homeless liaison).*

Yon fanmi kapab di li andwa reklame domisil pwovizwa pou rezon ki pa adrese nan lwa McKinney-Vento Homeless Education Act, jan sa defini nan Regleman SBBC Policy 5.1. Se Direktè lekòl-la ki dwe apwouve yon domisil pwovizwa. Fanmi dwe renouvle apwobasyon-an chak 30 jou.

**Se Manman, Papa ki dwe ranpli fòm-sa-a:**

Mwen menm, \_\_\_\_\_, rete nan \_\_\_\_\_  
(non Manman, Papa) (non ri-a)  
\_\_\_\_\_, ansanm avèk pitit-mwen/pitit-mwen-yo \_\_\_\_\_  
(Vil, Leta, Zipkòd) (Non elèv-la / non elèv-yo)

kap viv avè-m an pèmanans (7 jou sèt, lajounen kou lannwit).

Map enskri (anrejistre) kounye-a selon regleman ki otorize domisil pwovizwa, paske:

\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

**Deklarasyon fòmèl sètifye:**

Mwen sètifye rezon mwen deklare anwo-a pou enskri pitit-mwen dapre regleman domisil pwovizwa, konfòm avèk rezon SBBC policy 5.1 otorize.

Mwen sètifye ransèyman mwen bay anwo-a kòrèk epi vre. Mwen konprann yo va verifye enfòmasyon-sa-a. Si apre verifikasyon, yo jwenn mwen te bay fo ransèyman, lekòl-la ap retire pitit-mwen touswit epi voye-li al anwole nan lekòl nan zòn lakay-li. Mwen konprann tou si mwen bay fo adrès lè map enskri (anrejistre) pitit-mwen yo kapab voye yon rapò bay ajan kap aplike lalwa pou pouswit nan lajistis.

Lalwa Florid Florida Statute §837.06 espesifye klèman nenpòt moun ki konsyamman fè yon deklarasyon ki fo, bay manti nan yon papye avèk entansyon pou twonpe yon anplwaye nan fonksyon ofisyèl-li koupab yon deli dezyèm degre lalwa pini. Diplis, yon moun ki konsyamman fè yon deklarasyon ki pa vre lalwa kapab pini-li paske li fè fo sèman nan yon deklarasyon alekri. Se yon krim (feloni) twazyèm degre.

Mwen dakò ekri yon lèt pou notifye lekòl-la (nan 10 jou), si mwen ta vin chanje adrès oswa fè nouvo aranjanman sou kote elèv-la, elèv-yo ap rete. Kòm mansonj ka lakòz pinisyon, mwen deklare mwen fè lekti papye-sa-a epi tout enfòmasyon mwen bay anwo-a kòrèk epi vre.

\_\_\_\_\_  
(Siyati Manman, Papa) (dat)

\_\_\_\_\_  
(Siyati pwopriyetè kay / lokatè) (dat)

**(Notary Seal)**

\_\_\_\_\_  
(print, type or stamp name of notary)

**Documentation Provided:**  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

**Notes:**  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_  
(Signature of Principal/Designee) (date)